

Dènye mizajou: 8 fevriye 2021

Sekirite ak Efikasite

Èske vaksen an san danje epi efikas?

Aprè yon vaksen kont COVID-19 resevwa otorizasyon Administrasyon Aliman ak Medikaman (Food and Drug Administration, FDA), anpil sistèm siveyans sekirite vaksen ap siveye pou detekte evènman endezirab (efè negatif ki posib). Siveyans kontini sa a kapab ede yo detekte efè endezirab ke yo pa t petèt obsève pandan esè klinik yo. Si yo vin obsève yon efè endezirab ke yo pa t atann, ekspè yo etidye l avèk plis atansyon byen rapid pou yo wè si l se yon pwoblèm sante toutbonvre. Apresa, ekspè yo deside si gen chanjman ki dwe fèt nan rekòmandasyon sou vaksen nan peyi Etazini an.

Nan Eta New York, yo te tabli yon nivo egzamen siplemantè pou asire sekirite vaksen kont COVID la. Aprè Otorizasyon Itilizasyon ann Ijans FDA bay la, ekspè nan **Ekip Entèvansyon Konsiltatif Klinik (Clinical Advisory Task Force) endepandan pou Vaksen COVID-19 Eta New York la** ap analize depre larechèch sou vaksen anvan pou yo rekòmande nenpòt vaksen pou rezidan New York yo. Koumanse 18 desanm 2020, 2 vaksen kont COVID-19 te reyisi jwenn otorizasyon pou itilizasyon ann ijans nan men FDA ak Ekip Entèvansyon Konsiltatif Klinik endepandan pou Vaksen COVID-19 Eta New York la: vaksen Pfizer/BioNTech la ak vaksen Moderna.

Èske vaksen an ap ban m COVID?

Non. Pa gen okenn nan vaksen y ap etidye yo ki fèt ak materyo ki ka lakòz maladi a. Pa egzanp, premye vaksen FDA te otorizasyon pou itilizasyon ann ijans itilize yon ti pati ki pa danjre nan materyo jenetik viris la ki rele 'ARNm'. Sa a se pa viris la. Vaksen ARNm yo montre kò w kijan pou l kreye pwoteyin viral yo. Sistèm iminitè w devlope antikò kont pwoteyin sa yo, sa ki pral ede w konbat viris ki lakòz COVID-19 la si w te ekspoze ak li. Yo rele sa yon repons iminitè.

Èske vaksen kont COVID yo san danje pou timoun?

Se pou yo fè etid pou teste vaksen kont COVID-19 sou timoun yo. Jiskaprezan, pa gen okenn etid klinik Faz 3 ki fèt sou vaksen kont COVID-19 yo ki gen ladan yo timoun ki pi piti pase laj 12 lane. Tanpri, kontakte pwofesyonèl swen sante w si w gen kesyon espesifik. Ou ka jwenn plis enfòmasyon nan www.cdc.gov oswa gade rekòmandasyon Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Center for Disease Control and Prevention, CDC) sa yo pou ka jwenn plis enfòmasyon.

Èske Vaksen kont COVID yo san danje pou moun ansent oswa pou moun k ap reflechi pou vin ansent?

Yo pa fè anpil rechèch sou danje vaksen kont COVID-19 yo ka genyen sou gwosès, men moun ansent yo ka chwazi pran vaksen kont COVID-19 la si yo nan yon gwoup ki gen priyorite pou pran vaksen an epi si yo pa gen yon rezon medikal ki pou ta fè yo pa pran vaksen an. Yo planifye fè plis etid epi konpayi ki fabrike vaksen yo ap suiv moun ki vin ansent pandan yo nan esè klinik yo. Dapre konesans aktyèl yo, ekspè yo kwè ke vaksen kont COVID-19 yo pa vreman poze okenn risk pou moun ki ansent oswa k ap eseye vin ansent. Si w ansent oswa w ap reflechi pou vin ansent, ou gen enterè pale ak pwofesyonèl swen sante w sou risk ou genyen pou pran COVID-19 ak risk maladi grav ou ka genyen si w vin malad. Moun ansent **ak COVID-19 yo gen plis risk pou yo gen maladi grav**. Yon vaksen ka pwoteje w kont maladi grav, epi vaksen an ka pwoteje ni oumenm ni tibebe ki nan vant ou a.

Pou pran yon vaksen, èske w dwe gen yon tès COVID davans ki negatif?

Non. **CDC a pa rekòmande** fè tès depistaj COVID-19 yo anvan pou pran yon vaksen COVID-19.

Èske pa gen danje pou m pran yon vaksen COVID-19 si mwen gen lòt pwoblèm sante deja?

Wi. Vaksen kont COVID-19 la enpòtan sitou pou moun ki gen pwoblèm sante ki egziste deja yo, pa egzanp maladi kè, maladi nan poumon, dyabèt ak obezite. Moun ki gen pwoblèm sante sa yo gen plis chans pou yo tonbe malad grav anba maladi COVID-19 la. Tanpri, konsilte pwofesyonèl swen sante w la si w gen kèk kesyon byen presi sou vaksen kont COVID-19 la ak sou sante w.

Si ou bezwen plis enfòmasyon konsènan COVID-19 nan NYS, ale nan: <https://health.ny.gov/coronavirus>

Si m te gen COVID-19 deja epi m geri, èske mwen dwe pran vaksen an kanmèm?

Wi. CDC rekòmande pou ou pran vaksen an si ou te deja gen COVID-19 la, paske ou kapab trape li plis pase yon fwa. Byenke li posib pou gen yon sèten pwoteksyon antikò akoutèm apre w fin geri anba maladi COVID-19 la, nou pa konnen konbyen tan pwoteksyon sa a ap dire.

Èske vaksen an ap fè m malad?

Ou ka pa remake okenn chanjman ki fèt nan fason w santi w apre w fin pran piki a. Men li posib tou pou w santi w yon ti jan “pa anfòm”. Sa kapab rive lè w pran nenpòt vaksen. Se repons iminitè kò a manifeste lè w resevwa yon vaksen epi sa se yon siy ke vaksen an kòmanse fonksyone.

Apre w fin pran vaksen kont COVID-19 la, li posib pou gen:

- Yon doulè nan bra kote w pran piki a
- Yon maltèt
- Frison
- Lafyèv
- Fatig

Medikaman yo vann san preskripsyon pou soulaje doulè ak medikaman pou bese lafyèv yo kapab ede w.

Ou ta dwe fè mye nan youn oswa de jou. Si w pa santi w byen toujou nan de oswa twa jou, pale avèk pwofesyonèl swen sante w la.

Èske vaksen an ap konbat nouvo souch viral kowonaviris Wayòm Ini a?

Laboratwa Wadsworth Depatman Sante Eta a konfime prezans nan Eta New York ka enfeksyon ak souch kowonaviris Wayòm Ini a, ke yo konnen tou sou non B.1.1.7. Pandan ke gen prèv ki montre ke varyant Wayòm Ini a pi transmisib (kontajye) pase lòt varyant yo, yo pa kwè li gen plis rezistans parapò ak vaksen kont COVID-19 yo.

Èske m ka gen yon reyaksyon alèjik apre m fin pran vaksen kont COVID-19 la?

Moun ka gen reyaksyon alèjik ak nenpòt medikaman oswa pwodui biyolojik, tankou yon vaksen. Pifò reyaksyon alèjik yo prezante yon ti tan apre yo fin administre yon vaksen, se rezon sa a ki fè CDC rekòmande pou yo obsève moun ki gen antesedan (istwa) anafilaksi yo (kèlkeswa sa ki ta lakòz li) pandan 30 minit apre yo fin pran vaksen an, tandiske yo dwe obsève tout lòt moun yo pandan 15 minit apre yo fin pran vaksen an. Tout sit vaksinasyon yo dwe gen ekipman pou yo asire yo gen tretman medikal apwopriye ki disponib, si toutfw kèk moun ta vin gen reyaksyon alèjik, byenke sa pa pwobab. Sant pou Kontwol ak Prevansyon Maladi rekòmande pou kèlkeswa moun lan ki fè alèji ak “nenpòt konpozan” vaksen an pa ta dwe pran vaksen an.

Èske vaksen an ap lakòz efè segondè?

Efè segondè komen ke yo obsève nan etid klinik yo se fatig, doulè miskilè nan pati kote yo bay piki a ak lafyèv.

Èske li pi bon pou jwenn iminite natirèl pou COVID-19 olye de iminite apati yon vaksen?

Non. Byenke li posib pou gen yon sèten pwoteksyon antikò akoutèm apre w fin geri anba maladi COVID-19 la, nou pa konnen konbyen tan pwoteksyon sa a ap dire. Pran vaksen se meyè fason pou pwoteje tèt ou epi li san danje. Moun ki trape COVID-19 yo ka malad byen grav, epi gen kèk ki gen sentòm ki afebli yo epi ki pèsiste pandan plizyè mwa.

Konbyen tan iminite vaksen an ap dire?

Chèchè yo poko konnen konbyen tan iminite a ap dire apre vaksen an. Se rezon sa a ki fè li toujou enpòtan pou kontinye pratike prevansyon yo, pa egzanp mete yon mask, lave men w regilyèman epi kenbe distans sosyal.

M te tande pale de “iminite kolektif”. Kisa yo ta dwe fè pou yo pèmèt popilasyon an atenn “iminite kolektif” la kont maladi COVID-19 la?

“Iminite kolektif” rive lè gen ase moun ki gen pwoteksyon kont yon maladi kote gen mwens chans pou maladi a kontinye pwopaje. Akozdesa viris la p ap pwopaje fasilman nan kominote a. Ekspè yo pa konnen ki pousantaj moun ki ta dwe pran vaksen pou yo rive atenn iminite kolektif kont COVID-19 la. Epitou, yo pa konnen pandan konbyen tan vaksen an pral pwoteje moun yo.

Si w kite maladi COVID-19 la pwopaje atravè kominote yo natirèlman, sa ap lakòz enfeksyon, soufrans ak lanmò ki pa nesèsè.

Mwen teste pozitif pou antikò COVID. Èske mwen dwe pran vaksen an malgres?

Wi. CDC a rekòmande pou pran vaksen an menmsi w te gen COVID-19 deja, paske w ka enfekte plis ke yon fwa. Byenke li posib pou gen yon sèten pwoteksyon antikò akoutèm apre w fin geri anba maladi COVID-19 la, nou pa konnen konbyen tan pwoteksyon sa a ap dire. Pran vaksen se meyè fason pou pwoteje tèt ou epi li san danje. Moun ki trape COVID-19 yo ka petèt malad byen grav, epi gen kèk ki gen sentòm ki afebli yo epi ki pèsiste pandan plizyè mwa.

Si m pran yon vaksen kont COVID-19, èske se pou mwen mete yon mask ak kenbe distans sosyal la toujou?

Wi. W ap dwe kontinye mete yon mask, respekte distans sosyal la epi kenbe bonjan ijyèn men ou pandan yon ti moman ankò, pandan y ap òganize distribisyon vaksen pa faz.

Ekspè yo bezwen plis tan pou yo konprann pwoteksyon vaksen kont COVID-19 yo founi yo avan yo deside modifiye rekòmandasyon ki fèt sou itilizasyon mask yo. Lòt faktè yo, ki enkli ki kantite moun ki pran vaksen an ak kijan viris la ap pwopaje nan kominote yo, pral afekte desizyon sa a tou.

Devlopman

Kijan yo fè devlope vaksen an byen rapid konsa?

Gen plizyè faktè ki konbine ki pèmèt yo devlope vaksen kont COVID-19 la byen rapid epi san danje:

- Chèchè yo te deja kòmanse devlope yon vaksen paske viris ki lakoz COVID-19 la similè ak lòt viris ki egziste yo.
- Yo te pataje rechèch ki fèt sou nouvo viris la prèske touswit avèk syantifik toupatou nan lemond, sa ki te pèmèt yo kòmanse travay touswit sou yon vaksen.
- Gen kèk chèchè ki te rive mennen **faz 1 ak 2 esè anmenmtan**.
- Etid larechèch konsènan COVID-19 te gen ladann yon pi gwo kantite moun pase lòt esè klinik resan sou vaksen yo, sa ki vle di te gen plis moun nan esè yo pandan yon peryòd tan ki pi kout.
- Gouvènman federal la te otorize yo kòmanse fabrike vaksen ki te gen plis chans pou jwenn siksè yo tout pandan etid yo te ankou. Sa siyifi ke lè yo otorize li, yo kapab ofri piblik la vaksen an prèske imedyatman.

Li enpòtan pou sonje ke tout konpayi ki devlope vaksen yo dwe pase pa chak etap nan pwosesis devlopman an epi yo dwe satisfè tout nòm sekirite ak efikasite (nan ki nivo yon bagay ap byen fonksyone) yo. Jwenn plis enfòmasyon sou divès etap nan pwosesis tipik **tès ak apwobasyon vaksen an**.

Kisa ki nan vaksen kont COVID-19 la?

Engredyan ki nan vaksen Pfizer COVID-19 la liste **nan paj 2 isit**.

Engredyan ki nan vaksen kont COVID-19 Moderna a nan lis ki **nan paj 2 la a**.

Kiyès ki te patisipe nan esè klinik yo?

Esè klinik ki fèt sou toude vaksen yo ke FDA a te otorize yo itilize pou itilizasyon ann ijans te enkli plizyè milye fanm ak gason ki reprezante plizyè tranch laj diferan ki soti nan divès orijin rasyal ak orijin etnik epi ki gen pwoblèm sante nan nivo diferan.

W ap jwenn repatisyon demografik sou patisipan esè klinik yo la a:

- **Vaksen Moderna**
- **Vaksen Pfizer**

Èske nan esè klinik yo, yo te pran moun ki gen komòbidite ki gen ladan dyabèt oswa tansyon wo?

Wi. Esè klinik pou toude vaksen yo te enkli patisipan yo te idantifye kòm moun ki gen omwen yon pwoblèm sante ki mete yo plis arisk pou yo gen konplikasyon COVID-19 ki grav anpil tankou:

- Maladi kwonik nan poumon (pa egzanp anfizèm oswa bwonchit kwonik, fibwoz pilmonè idyopatik ak fibwoz kistik) oswa opresyon ki modere ak opresyon ki grav anpil.
- Maladi kè ki grav (pa egzanp ensifizans kadyak, maladi atè kowonè, maladi kè konjenital, kadyomyopati ak tansyon wo nan poumon)
- Obezite (endis mas kòporèl ≥ 30 kg/m²)
- Dyabèt (Tip 1, Tip 2 oswa jestasyonèl)
- Maladi fwa
- Enfeksyon Viris Iminodefisyans Imen (VIH) lakoz (ki pa enkli nan evalyasyon pou efikasite a)

Èske vaksen kont COVID-19 yo gen engredyan ki soti nan bèt ladan yo?

Non. Pwosesis fabrikasyon vaksen Moderna ak Pfizer BioNTech COVID-19 yo pa gen okenn selil ladan yo epi toude vaksen yo pa gen pwodui, prezèvatif oswa adjouvan ki soti nan moun oswa nan bèt epi yo pa itilize okenn engredyan ki soti nan moun oswa nan bèt.

Disponibilite

Kilè pou m ta pran vaksen an?

Osito li disponib pou pran l. Depatman Sante Eta a pral kontinye pataje enfòmasyon sou kikote ak kilè rezidan New York yo ka pran vaksen an lè gen plis vaksen k ap disponib.

Kimoun k ap pran vaksen an anpremye?

Eta New York la pral distribye vaksen kont COVID-19 la pa etap selon bezwen ak risk yo. Rezidan New York ki gen plis chans pou yo ekspozè ak viris la, epi ki gen plis chans pou yo tonbe malad byen grav si yo trape maladi COVID-19 la, se yo menm y ap ofri vaksen an anpremye. Toude ni gouvènman federal la ni Eta New York la te devlope yon seri plan pou asire ke tout moun kapab resevwa yon vaksen kont COVID-19 osito gen bonjan kantite ki disponib, gratis epi kèlkeswa kote yo abite.

Premye rezidan New York k ap resevwa vaksen an pandan Faz 1 an se ap travayè lopital ki gen gwo risk yo (travayè sal dijans, anplwaye Inite Swen Entansif (ICU) ansanm ak anplwaye Depatman Pilmonè yo), moun ki abite nan mezon retrèt yo, anplwaye mezon retrèt yo, apres a tout rezidan ak anplwaye ki nan swen alontèm ak swen kolektif yo, travayè nan Sèvis Medikal Dijans (EMS), lòt travayè swen sante yo, medsen lejis yo ansanm ak medsen ki egzamine kadav yo.

Èske pral gen plis pase yon vaksen ki disponib?

Wi. Nan moman n ap pale la a, gen de (2) vaksen ke FDA otorize pou itilizasyon ann ijans, epi yo prevwa plis vaksen toujou. Depi 9 desanm 2020, gen kat (4) vaksen ki te kòmanse esè klinik Faz 3 yo nan peyi Etazini. Yo fè esè Faz 3 yo avèk bonjan kantite moun pou yo detèmine si yon vaksen san danje epi ak nan ki nivo li efikas.

Konbyen fwa pou m pran vaksen an?

Tout vaksen kont COVID-19 yo, sof pou youn, ki aktyèlman nan Faz 3 nan esè klinik yo oswa vaksen FDA apwouve pou itilize ann ijans nan peyi Etazini yo mande de (2) dòz pou yo efikas.

Èske vaksen an gratis?

Wi. Tout vaksen kont COVID-19 yo ap disponib gratis.

Èske y ap egzije pou m pran yon vaksen?

Eta New York pa egzije moun pran vaksen kont COVID-19 la.

Elijibilite ak Fè Randevou

Kijan pou m fè konnen si mwen elijib antanke travayè esansyèl?

Rezidan New York yo ka tcheke elijibilite yo atravè [aplikasyon wèb “Am I Eligible” \(Èske Mwen Elijib\)](#) la. Pou jwenn plis enfòmasyon, travayè esansyèl ki elijib yo fèt pou kontakte sendika yo oswa depatman sante lokal yo.

Poutèt limit gouvènman federal la genyen sou kantite vaksen yo, rezidan New York ki elijib yo ka tann jiska 14 semèn pou yo ka pwograme randevou pou pran piki vaksen yo.

Èske y ap aksepte moun vini san randevou oswa mwen oblije gen yon randevou?

Ou oblije gen yon randevou pou resevwa vaksen kont COVID-19 la. Yo pa pèmèt moun vini san randevou. Vaksen yo disponib nan famasi, nan lopital ak nan depatman sante lokal toupatou nan Eta a – tanpri kontakte pwofesyonèl swen sante ou chwazi a pou pwograme yon randevou pou pran vaksen w.

Epitou rezidan New York yo ka pran yon randevou yon kote ki bay vaksen ke Eta New York administre nan [ny.gov/vaccine](https://www.ny.gov/vaccine) oswa atravè Nimewo Asistans pou Vaksen kont COVID-19 nan Eta New York de 7è a.m. jiska 10è p.m., 7 jou sou 7 nan 1-833-NYS-4-VAX (1-833-697-4829).

Poutèt limit gouvènman federal la genyen sou kantite vaksen yo, rezidan New York ki elijib yo ka tann jiska 14 semèn pou yo ka pwograme randevou pou pran piki vaksen yo.

Ki enfòmasyon mwen bezwen founi pou mwen kapab vaksinen?

Moun ki elijib yo ki enskri ak randevou nan lokal vaksinasyon Eta New York ap jere dwe prezante:

- Yon pyès idantite ki sifizan (ki gen ladann nenpòt idantifikasyon NYS, gouvènman federal, lame pa egzant) bay. Timoun ki poko gen 18tan dwe vini ak yon paran oswa yon gadyen k ap akonpaye yo ki kapab bay konsantman li pou yo vaksinen yo alapas timoun yo.
- Epitou, prèv elijibilite pou vaksen

Si yon moun elijib poutèt kondisyon travay li, li oblije pwouve ke l ap travay nan Eta New York. Prèv la gendwa enkli:

- yon kat idantite (ID) anplwaye oswa yon badj,
- yon lèt travay oswa lèt òganizasyon afilye, oswa
- oubyen yon souch chèk, toudepannde kondisyon priyorite espesifik la.

Si yon moun elijib poutèt laj li, moun sa a oblije prezante prèv ki montre laj li ak prèv ke li rete nan New York.

Men sa yon moun bezwen montre pou l pwouve li rete New York:

- youn nan dokiman annapre yo: deklarasyon mètkay la ekri; resi lokasyon kay oswa kontra lokasyon kay ki ajou; papye ipotèk; oswa
- de (2) nan dokiman anba la yo: deklarasyon yon lòt moun; kourye lapòs ki ajou; Papye lekòl.

Pou pwouve laj, prèv ki akseptab yo se:

- Lisans chofè oswa kat idantite (ID) ki pa kat idantite chofè;
- Batistè yon Eta oswa yon gouvènman lokal bay;
- Paspò Ameriken oswa paspò peyi etranje ki pa ekspire;
- Kat rezidans pèmanan;
- Sètifika Natiralizasyon oswa Sètifika Sitwayènte;
- Polis asirans sou lavi ak dat nesans; oswa
- Sètifika maryaj ki gen dat nesans sou li

Pou chèche konnen si ou elijib pou vaksinen COVID-19 la, itilize zouti anliy **“Am I Eligible”** la.

Ki gwoup laj ki elijib pou resevwa vaksen an?

Pou Faz 1b a, rezidan New York ki gen 65 lane oswa ki pi aje, elijib pou resevwa vaksen kont COVID-19 la. Epitou rezidan New York ka tcheke elijibilite yo atravè **aplikasyon wèb “Am I Eligible”** la epi chèche yon kote ki bay vaksen ke Eta New York jere. Rezidan New York ki pagen laj 65 lane oswa plis kapab elijib si yo nan youn oswa plizyè **kategori elijib yo**.

Poutèt limit gouvènman federal la genyen sou kantite vaksen yo, rezidan New York ki elijib yo ka tann jiska 14 semèn pou yo ka pwograme randevou pou pran piki vaksen yo.

Mwen gen laj 65 lane oswa plis. Kijan pou m fè konnen ki kote pou m pran vaksen an?

Famasi yo ap resevwa vaksen epi y ap bay moun ki gen 65kan oubyen pi gran, priyorite. Tanpri kontakte famasi ou pito a pou fè yon randevou pou vaksen an. Metsouli, gen yon rezo sit distribisyon vaksen ke Eta a administre toupatou nan Eta a – ki deside kritè elijibilite epi ki pwograme randevou sèlman nan sit vaksinasyon ke Eta New York jere, itilize **aplikasyon wèb “Am I Eligible”** la. Epitou ou ka rele Nimewo Asistans pou Vaksen kont COVID-19 nan Eta New York de 7è a.m. jiska 10è p.m., 7 jou sou 7 nan 1-833-NYS-4-VAX (1-833-697-4829).

Mwen se yon sekouris. Èske mwen elijib pou m resevwa vaksen an?

Gwoup sekouris sa yo elijib pou pran vaksen pandan Faz 1b. Tanpri, gade lis sa a pou wè si w ka elijib.

- Sèvis Ponpye
 - Sèvis kont Ensandi Eta a, ikonpri ponpye ak investigatè (volontè ak pwofesyonèl)
 - Sèvis kont Ensandi Lokal, ikonpri ponpye ak investigatè (volontè ak pwofesyonèl)
- Lapolis ak Envestigatè
 - Lapolis Eta a, ikonpri Lapolis Woutyè
 - Lapolis Pak Eta a, Lapolis Depatman Konsèvasyon Anviwònman (DEC), Gad Forestye
 - Lapolis Inivèsite Eta New York (SUNY)
 - Biwo Cherif yo
 - Depatman Lapolis Konte yo ak Lapolis Distri yo
 - Depatman Lapolis Vil, Lokalite ak Vilaj
 - Depatman Sikilasyon oswa lòt Depatman Lapolis Otorite Piblik
 - Envestigatè Eta ki Souplas yo, ikonpri Depatman Veyikil A Motè (Department of Motor Vehicles), Komisyon Koreksyonèl Eta a (Commission of Correction), Sant Jistis (Justice Center), Depatman Sèvis Finansye (Department of Financial Service), Enspektè Jeneral (Inspector General), Depatman Taks ak Finans (Department of Tax and Finance), Biwo ki bay Fanmi ak Timoun Sèvis (Office of Children and Family Services) ak Otorite ki jere Alkòl (Liquor Authority) nan Eta a
- Kominikasyon Sekirite Piblik
 - Anplwaye Biwo Kominikasyon Dijans ak Sant Dapèl sou Sekirite Piblik, ikonpri teknisyen ak dispatchè yo
- Lòt Anplwaye Sivil ak Anplwaye ki Prete Sèman
 - Anplwaye Tribinal
 - Lòt Ofisye Lapolis ak Lapè
- Anplwaye Sivil ki bay Sipò nan nenpòt sèvis, ajans oswa etablisman ki anwo a
- Koreksyonèl (Penal)
 - Anplwaye Sipèvizyon Depatman Koreksyonèl ak Kominote (Department of Corrections and Community Supervision) Eta a, ikonpri ofisye libète sipèvize kondisyonèl ak ofisye koreksyonèl yo
 - Etablisman Koreksyonèl Lokal, ikonpri ofisye koreksyonèl
 - Depatman Pwobasyon Lokal, ikonpri ofisye pwobasyon
 - Etablisman Detansyon ak Reyabilitasyon Jivenil Eta a
 - Etablisman Detansyon ak Reyabilitasyon Jivenil Lokal

Sekouris yo ka swa kontakte sendika yo pou pwograme yon randevou, yo ka kontakte depatman sante lokal yo, oswa yo ka jwenn yon sit vaksinasyon Eta New York jere, yo kapab itilize [aplikasyon wèb “Am I Eligible”](#) la. Note byen tanpri, poutèt gouvènman federal la mete yon limit sou kantite vaksen yo, rezidan New York ki elijib yo ka tann jiska 14 semèn pou yo pwograme yon randevou.

Mwen se yon Ofisye Lapolis Lokal, Cherif Adjwen, Lapolis Woutyè nan Eta a oswa anplwaye ki ba yo sipò. Kijan pou m pran yon piki vaksen?

Ofisye Lapolis, Lapolis Woutyè, anplwaye Ofisye Cherif ak anplwaye ki ba yo sipò dwe kontakte sendika yo oswa depatman sante lokal yo pou jwenn plis enfòmasyon sou kijan pou pwograme yon randevou. Eitou tout rezidan New York, ikonpri anplwaye sa yo, kapab jwenn yon sit vaksinasyon Eta New York jere, yo kapab itilize [aplikasyon wèb “Am I Eligible”](#) la. Tanpri note ke poutèt gouvènman federal la mete yon limit sou kantite vaksen yo, rezidan New York ki elijib yo ka tann jiska 14 semèn pou yo pwograme yon randevou vaksinasyon.

Mwen se yon manm NYPD oswa yon manm FDNY. Kijan pou m pran yon piki vaksen?

Ofisye lapolis ak ponpye Vil New York dwe kontakte sendika yo pou jwenn plis enfòmasyon sou kijan pou pwograme yon randevou oswa kontakte Depatman Sante Vil New York (New York City Department of Health). Tout rezidan New York ki elijib, ikonpri anplwaye nan Depatman Lapolis New York (New York Police Department, NYPD) ak anplwaye nan Depatman Ponpye nan Vil New York (Fire Department of the City of New York, FDNY) tou kapab jwenn yon sit vaksinasyon Eta New York jere, yo kapab itilize [aplikasyon wèb “Am I Eligible”](#) la . Note byen tanpri, poutèt gouvènman federal la mete yon limit sou kantite vaksen yo, rezidan New York ki elijib yo ka tann jiska 14 semèn pou yo pwograme yon randevou.

Mwen se yon pwofesè oswa yon anplwaye nan lekòl P-12. Kijan pou m pran yon piki vaksen?

Pwofesè yo ka swa kontakte sendika yo oswa depatman sante lokal yo pou pwograme yon randevou, oswa yo ka jwenn yon sit vaksinasyon Eta New York jere, lè yo ale sou [aplikasyon wèb](#) Eta New York la ki se **“Am I Eligible”**. Note byen tanpri, poutèt gouvènman federal la mete yon limit sou kantite vaksen yo, rezidan New York ki elijib yo ka tann jiska 14 semèn pou yo pwograme yon randevou.

Mwen se yon pwofesè sipleyan nan yon lekòl P-12 oswa nan yon distri lekòl. Èske m elijib pou m resevwa vaksen an?

Wi. Pwofesè sipleyan ki nan lekòl P-12 ak nan distri lekòl yo nan gwoup Faz 1b epi yo elijib pou pran vaksen an.

Mwen se yon chofè bis lekòl. Èske m elijib pou m resevwa vaksen an?

Wi. Kontraktè k ap travay nan lekòl P-12 oswa nan distri lekòl yo, ikonpri chofè bis lekòl ki sou kontra, yo nan gwoup Faz 1b epi yo elijib pou pran vaksen an.

Mwen travay nan gadri timoun. Èske m elijib pou m resevwa vaksen an?

Wi, moun ki travay nan gadri timoun ki gen lisans oswa ki anrejistre elijib pou pran vaksen. Anplwaye oswa moun ki travay kòm sipò nan gadri timoun ki gen lisans oswa ki anrejistre elijib tou. Vaksen yo disponib nan famasi, nan lopital ak nan depatman sante lokal toupatou nan Eta a – tanpri kontakte pwofesyonèl swen sante ou chwazi a pou pwograme yon randevou pou pran vaksen w. Metsouli, gen yon rezo sit distribisyon vaksen ke Eta a administre toupatou nan Eta a – ki deside kritè elijibilite epi ki pwograme randevou sèlman nan sit vaksinasyon ke Eta New York jere, itilize [aplikasyon wèb](#) **“Am I Eligible”** la. Note byen tanpri, poutèt gouvènman federal la mete yon limit sou kantite vaksen yo, rezidan New York ki elijib yo ka tann jiska 14 semèn pou yo pwograme yon randevou.

Mwen fè pati kò pwofesoral la oswa mwen se yon manm pèsònèl la nan yon lekòl P-12 nan Vil New York. Kijan pou m pran yon piki vaksen?

Pwofesè yo dwe kontakte swa sendika yo pou jwenn plis enfòmasyon sou kijan pou pwograme yon randevou, oswa kontakte Depatman Sante Vil New York la. Tout rezidan New York ki elijib, ikonpri kò pwofesoral la ak manm pèsònèl yo nan lekòl Vil New York tou kapab jwenn yon sit vaksinasyon Eta New York jere, lè yo itilize [aplikasyon wèb](#) **“Am I Eligible”** la. Note byen tanpri, poutèt gouvènman federal la mete yon limit sou kantite vaksen yo, rezidan New York ki elijib yo ka tann jiska 14 semèn pou yo pwograme yon randevou.

Mwen se yon moun k ap travay nan transpò piblik (konpayi ayeryèn, tren ki pran pasaje, sòbwe ak transpò mas moun, ferry, anplwaye Port Authority, anplwaye bis piblik). Kijan pou m pran yon piki vaksen?

Anplwaye transpò piblik yo dwe kontakte sendika yo oswa ajans ki anplwaye yo pou plis enfòmasyon sou kijan pou pwograme yon randevou pou pran vaksen. Tout rezidan New York ki elijib yo, ikonpri anplwaye ki travay nan transpò piblik tou kapab jwenn yon sit vaksinasyon Eta New York jere, lè yo itilize [aplikasyon wèb](#) **“Am I Eligible”** la. Tanpri note ke poutèt gouvènman federal la mete yon limit sou kantite vaksen yo, rezidan New York ki elijib yo ka tann jiska 14 semèn pou yo pwograme yon randevou vaksinasyon.

Mwen se yon Ofisye Koreksyonèl. Kijan pou m pran yon piki vaksen?

Ofisye koreksyonèl yo dwe kontakte sendika yo oswa depatman lokal yo pou plis enfòmasyon sou kijan pou pwograme yon randevou pou pran vaksen. Tout rezidan New York ki elijib yo, ikonpri Ofisye Koreksyon tou kapab jwenn yon sit vaksinasyon Eta New York jere, lè yo itilize [aplikasyon wèb](#) **“Am I Eligible”** la. Tanpri note ke poutèt gouvènman federal la mete yon limit sou kantite vaksen, Moun New York ki elijib yo ka tann jiska 14 semèn pou yo pwograme yon randevou vaksinasyon.

Ofisye Koreksyonèl ki elijib ak anplwaye yo, ikonpri sila yo:

- Depatman Koreksyonèl Eta a ak Anplwaye Sipèvizyon Kominotè, ikonpri ofisye libète sipèvize kondisyonèl ak ofisye koreksyonèl
- Etablisman Koreksyonèl Lokal, ikonpri ofisye koreksyonèl
- Depatman Pwobasyon Lokal, ikonpri ofisye pwobasyon
- Etablisman Detansyon ak Reyabilitasyon Jivenil Eta a
- Etablisman Detansyon ak Reyabilitasyon Jivenil Lokal

Mwen travay pou yon konpayi bis piblik. Kijan pou m pran yon piki vaksen?

Moun ki travay pou yon konpayi bis piblik kapab kontakte sendika lokal yo oswa konpayi bis yo ki pral kowòdone ak sit vaksinasyon yo ak pwograme randevou ak depatman sante lokal yo. Tout rezidan New York ki elijib yo, ikonpri chofè bis piblik tou kapab jwenn yon sit vaksinasyon Eta New York jere, lè yo itilize [aplikasyon wèb “Am I Eligible”](#) la. Tanpri note ke poutèt gouvènman federal la mete yon limit sou kantite vaksen yo, rezidan New York ki elijib yo ka tann jiska 14 semèn pou yo pwograme yon randevou vaksinasyon.

Mwen travay nan yon episri epi mwen toujou fas-a-fas ak piblik la. Èske m elijib pou m resevwa vaksen an?

Wi. Moun ki travay nan episri ki fè fas a piblik la elijib pandan Faz 1b. Anplwaye sa yo ka swa kontakte sendika yo pou plis enfòmasyon pou konnen kijan pou yo pran yon vaksen, oswa yo ka jwenn yon sit vaksinasyon Eta New York jere, lè yo itilize [aplikasyon wèb “Am I Eligible”](#) la. Si w pwograme yon randevou, fòk ou pote prèv ki montre ou elijib tankou yon souch chèk ak kat idantite ki matche li. Note byen tanpri, poutèt gouvènman federal la mete yon limit sou kantite vaksen yo, rezidan New York ki elijib yo ka tann jiska 14 semèn pou yo pwograme yon randevou.

Mwen vle pwograme yon randevou men yo di mwen pa gen randevou ki disponib. Kisa èske mwen dwe fè?

Poutèt limit gouvènman federal la genyen sou kantite vaksen, rezidan New York ki elijib yo ka tann jiska 14 semèn pou pwograme yon randevou pou pran vaksen. Ofiramezi kantite vaksen an ap ogmante, ap gen plis randevou k ap disponib. Nou ankouraje rezidan New York yo pou yo pran pasyans pandan n ap tann plis vaksen vin disponib.

Sou fòm mwen ranpli anvan mwen resevwa vaksen an, èske ap gen yon opsyon pou idantifikasyon seksyèl non-binè?

Fòm Eta New York kreye, jere ak itilize nan sit administrasyon vaksen ke depatman sante Eta a ak lokal yo pral gen opsyon pou idantifikasyon seksyèl non-binè.

Lè m ap pran vaksen an, èske mwen dwe mete yon mask?

Wi. Tanpri, prevwa pou vini ak yon mask oswa yon pwoteksyon pou kouvri figi w lè w pral pran vaksen an.

Aplikasyon depistaj preliminè “Am I Eligible” la di ke mwen pa elijib, sepandan mwen kwè ke mwen elijib. Kisa èske mwen dwe fè?

Aplikasyon wèb “Am I Eligible” la — zouti Eta New York itilize pou depistaj preliminè — pa bay desizyon final asavwa si wi ou non yon moun ap resevwa oswa p ap resevwa vaksen an. Si w panse ou nan youn nan [kategori elijib](#) pou rezidan New York yo, ou ka rele Nimewo Asistans pou Vaksen kont COVID-19 nan Eta New York la nan 1-833-NYS-4-VAX (1-833-697-4829), de 7è a.m. jiska 10è p.m., 7 jou sou 7. Lè tout rezidan New York fin pwograme yon randevou, fòk yo ranpli [Fòm Vaksen kont COVID-19 Eta New York](#) ki genyen yon deklarasyon pèsònèl moun lan ki pa dwe manti sinon y ap sanksyone li, ki di ke moun nan se yon manm nan yon gwoup priyoritè ki elijib pou vaksen.

Kikote mwen ka jwenn yon lis konplè ki bay kimoun ki elijib pou vaksen an?

Tanpri ale nan [paj sa a](#) pou wè lis aktyèl ki bay kimoun ki elijib pou vaksen COVID-19.

Si mwen pa gen papyè, èske yo pral pataje enfòmasyon pèsònèl mwen yo?

New York p ap transmèt okenn done yo ta ka itilize pou idantifye sityasyon imigrasyon yon moun. Sa gen ladann, men se pa sa sèlman, non ak adrès. Nenpòt done ki pataje pral revele konfòmeman ak lwa New York ki pwoteje sityasyon imigrasyon moun trè byen, epi li enkli sèlman done demografik agrege ak dat yo te bay vaksen an ak konbyen doz. CDC dakò tou ke yo p ap itilize ni jwenn aksè nan done yo pataje ki soti New York ak okenn lòt ajans oubyen antite, pou aktivite ki pa gen pou wè ak sante piblik.